Соколёнок

5/2026

сентябрь – октябрь

Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИГО МОЦІИДАСАН ЦО НУХАЛЪ ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ

Иван Голубничий

Расулил васият

Биун тIагIараблъун рикIкIад билана
КIкIуйдулъе тIерхьараб къункърабазул тIел...
Расулица кочIол васият тана,
Сабру букIа абе гьелъул цадахълъел.

ТIолабго дуниял цIадулъ бугелъул,
Нилъеца нилъерго цIунизе аслу,
Нилъей аманатлъун шигIру хъвалелъул
МагIнаяб, лъикIалъе гьабураб амру.

Гьес бецIлъи гIемераб гьаб гIасруялъе
ЦIунизелъун тана гIицIго гьудуллъи,
Гьал хIалбихьиязул заманаялъе
Хвезе биччагеян вацлъи, гьуинлъи.

Унел руго сонал. Ана шагIирги.
Къобахъанагlан гьаб ццидал гьалаглъи.
Хъахlал къункърабазул хасаб роржинги
Нилъее кидаго ссвин гьечIеб канлъи.

Гьел роржунел руго гIорхъи гьечIелъуй,
Гьаваялда хадуб лъалкI хутIичIого.
ТIагIине рес гьечIеб ирс цIунизелъун,
Расулил васият кIочон течIого.

ШагIирасул 75 сон тIубаялде



Багьатар ХIажиев

Ясалде

Дир гьитIинай милъирщо –
МалъгIанасей Зульфия,
Зодихъе мунги йорхун,
Вохун вуго дур дада.

Ихдалил бакъ зодисан
Гьимулеб буго дуе,
Гьогьомараб гьороца
Еэдулей йиго мун.

Дуца угъу-угъуян
Гъургъур бачунеб буго,
Яче дун къватIийилан,
Кверал хьвагIулел руго.

Дунял гIатIидаб буго,
ГIалам кIудияб буго.

Эркенаб хIинчI кинигин,
Йоржине хьул дур буго.

Дуе эбелаб ВатIан
ТIогьол цIураб ах буго,
Дуе гьенир каваби
Кирего рагьун руго.

ГьитIинай, дахIалай яс,
Сабру гьабе, мун гIела,
ГIурччинаб расалъуда
Ихдал мун ясандила.

ГIицIго зоб кьенхунгеги,
Дур гьими гьарзалъаги –
Гьеле дир рекIел мурад,
Дир дахIалай Зульфия.

ХIамидил цIум

Зоологиялъул тIоцебесеб дарс ХIамидие цIакъ бокьана. Учителас, жиндаго рихьаралгIанги, мухIканго бицунеб бугоан киралиго Африкаялда рукIунел гIалхул хIайваназулги, щибаб хаслихъе нилъер гьаниса гочунги ун, ихдал тIадруссун рачIунел хIанчIазулги рухIчIаголъабазулги хIакъалъулъ. Гьаниб ХIамидие рекIее гIолареб жо букIана цогоцо: учителас столалда тIад лъурал хIанчIи кигIан чIагоязда релълъарал ругониги, роржун бажаруларел, жаниса харил цIурал чучелаби рукIин. «Дица кквезеги ккун унгоунгоял, чIагоял хIанчIи рачина школалде», – ян пикру гьабуна гьес. Гьелъул хIакъалъулъ гьес ХIасанидагун МухIамадидаги бицана.

– ХIанчIи гьедигIан бигьаго кколел жал рукIунаро, – ян абуна ХIасаница. – ХIанчIияли кир гурин, хIелекоцин ккун бажаруларо духъа, – ян малъиго гьавичIо МухIамадицаги. Гьудулзабазул рагIи рекIелъ къарав ХIамид къаси сардилъ вахъун чIегIераб нохъоде щвана. Бигьагьавун, галабиги тIамун, гьев нохъода жаниве лъугьана. Гьениве ХIамид тIоцебесеб нухалъ гуро щун вукIарав. Нохъода бугеб щибаб гамачI гьесда жиндирго рукъгIанги лъикI лъалаан. Гьалеха, тIоцебе батараб ганчIиде тIадеги вахун, эхеде квер бегьарабго, гьасул хъатиниб микки пархезе лъугьана. Давлаги босун, ХIамид нахъвуссана. Рокъове щвейгун ХIамидица микки, дангъур цIураб мугьги цебе бан, гьагьида гъоркь тIамун тана. Радал цудунго вахъарав гьев тIоцеве гьорове векерана. Кьижаралъуса бачун ХIамидица асир гьабураб хIинчI жиндие лъугьараб жоги бичIчIуларого, цебе батараб мугьги кваначIого, рахIат хвараб куцалда бетIер кIибикIизабулеб бугоан. ХIамид аскIове гIагарлъигун, гьеб биххун, рахъ-рахъалде речIчIахъдизе лъугьана. Гьеб къоялъги гьазул тIоцебесеб дарс зоология букIана. Школалде ХIамид лъидасаго цеве щвана. Лъималазда гьас кIудияб чIухIигун бихьизабулеб букIана жиндихъего щвараб микки. ЦIумур кьабуна. ЦIалдохъаби классалде жанире лъугьана. Партаялда гъоркь бахчараб миккидулги, кIиябго кверал гьебги ккун гIодов чIарав ХIамидилги ракIазул кIутIи цого къагIидаялъ хехлъун букIана. Учитель жаниве лъугьун вахъиналдего цIалдохъабазул цояс гьесда бицана ХIамидица микки босун бачIун бугилан. – Кинаб микки? – ян гьев ХIамидихъ валагьана. ХIамидица бигьа гьабун жиндирго хазина партаялда гъоркьа къватIибе бахъана. АскIовеги вачIун учителас гьеб кодобе босана. – Киса дуца гьаб ккураб?

– ЧIегIераб нохъодаса.

– Щай?

Гьеб букIана гьасда бищунго ракIалда букIинчIеб суал. ЧIагояб микки зоологиялъул дарсиде бачун бачIиналъ воххизе кколев учитель вуго щайилан цIехолев…

– Чучелоялдаса гьаб гIезегIан лъикI гурищха? – ян цIехана ХIамидица.

– Гьа-а, гьелъие бачIараб жойищ дуца гьаб?

– Уха! – ян абуна ХIамидица вохуцаги холаго. – Школалда зоологиялъул чIагояб бокIон гIуцIиялъе гIезегIан лъикIаб иш гьабун буго, – ян абуна учителас. – Амма гьеб гIуцIизе кколеб макказдасан гуребха. Макказул гIумру нилъеда гьадинги гIемер лъикI лъала. Гьел руго зарал гьечIел, гIадамаздехун хехго ругьунлъулел, хасалоги риидалги нилъер росуго цIун рукIунел хIанчIи. Чанахъабаз микки чIвай нилъер гьаниб бищунго инжитаб жо буго. ГIадада гуро нилъецаги ракълил гIаламатлъун микки босараб. Макказе гIакъуба кьезе бегьуларо. Гьединги абун, гордоги рагьун, учителас

микки боржине биччана. Цойидасанго тIадеги рахъун гордухъе раккарал лъималазда бихьана «Нужее къо-мехлъикI!» ан абулеб гIадин, пархезарун куркьбалгун, микки чIегIераб нохъодехун боржун унеб. «Школалда зоологиялъул чIагояб бокIон гIуцIиялъе гIезегIан лъикIаб иш гьабун буго…». Учителасул гьел рагIабаз ХIамид гьанже тIуванго кодове восун вукIана. Макьилъги гьесда жинцаго ккурал мокъокъалги, гъотIоркIабиги, хIатта попугаялги цереса унароан. «ХIелекоцин ккун бажаруларо духъа», – ян абурал МухIамадил рагIабиги рекIелъ къаралъурго хутIун рукIана. Цо нухалъ гьединал пикрабазда сверсведилев гьасда бихьана зодил борхалъуда боржанхъилеб «хIанчIазул парччахI» – гучаб цIум. «Унго гьалъаб цIум ккквезе анищ дие», – ян хьул гьечIеб куцалда пикру гьабуна ХIамидица. «ЦIум щвечIони, тIанчIиниги ккун бажарила дихъа», – ян абураб пикруялъги гьев макьидаса ворчIизавурав гIадин лъугьана. Росу тIарада бугеб борхалъудеги вахун ХIамидица цIудуда хадуб халккуна. Цойги нухалъ тIад свериги бахъун, цIум борхатаб кьурда нахъехун боржун ана. Гьелъул рукIен лъачIого чIеларин лъугьарав ХIамидги кьурда гъоркье векерана. Гьасда бихьана гIадан-чи вахунареб гIасияб кьурул борхалъуда сокIкIараб жиндирго бусаде гьеб боржун араб куц. ЦIудул бусаде кинабгIаги нух букIинчIо. Бусадаса гьеб боржинабизе гьещтIолев ХIамид вихьаравго, ХIасангун МухIамадги аскIоре щвана.



– Щиб лъоба бугеб? – ан гьикъана ХIасаница.

– ЦIум буго.

– Батани щибха дуе гьелдаса къваригIараб?

– Лъоле, лъоле! Рихьулищ тIанчIиги раккарилел? Унго, цо цIудул тIинчI анищ нилъее кквезе! – ян хъатал данде зурана ХIамидица.

– Гьеб бигьаяб жо буго, – ян абуна МухIамадица.

– ГьитIинаб мехалъ нижер инсуцаги ккун букIун буго гьалъабаса цIум.

– Батила, – ян божичIого квер хьвагIана ХIамидица.

– Батиларо! – Гьикъе досда жиндаго. Лъоре тIогьиреги рахун, лъималаз дов кварицаги вухьун дализе виччан вуго. Дос цIумги бачун буго…

… – ВахI, ле! РачIа нилъецаги гьабизин гьебго жо, – ян абуна сабру тIагIарав ХIамидица. – Нужеда кIвеларищ дун кквезе?

– КIвела, щай кIоларев? КIвеларин ккани, нилъеца кумекалъе жеги лъимал ахIиларищха.

ГьатIанкъоялъ, росун риццатал гIарщалгун, лъималазул къокъа кьурул тIогьибе бахана. Гьез, гIарщазда гIемерал гарцIалги ран, ХIамид щулаго вухьа-къана. Гьев кьурулъе виччалалде цебе, цIум бусадаго батизе гурилан, тIаса-гъоркье чанго гамачIги рехана. Щугояз кквезеги ккун дализе виччарав ХIамид, хъархъазда квералги ран, ххарун унев вукIана. Кварил халалъиялда ва щулалъиялда гьесул щибго щаклъи букIинчIо.

– Щвана, эхеде цIай! – абун ахIулеб гьаракь бахъингун, гьудулзабаз гьев эхеде вахъана. Вухьа-къаралъуса ХIамид вичизеги кIочон тун гьел киналго цIудул тIанчIиде тIаде руссана.

– Цин дун виче, – ян абуна ХIамидица. – ЦIудуда нилълъ рихьани, гьеб тIад речIчIизеги бегьула. Гьанже цIудул тIинчIги бачун цеве-цеве унев ХIамидил ракI космосалдеги щун гIодове рещтIарав чиясул гIадин букIана. Лъималги, кигIанго хIал лъазе течIонаниги, гьасул гьунаралъухъ урхъун рукIана. Росдал годекIанив тIоцеве гьазда дандчIвана довго учитель. ЦIудул тIинчI кквеялъул хIакъикъат лъайгун, гьев квешго ццидахана.

– ГьедигIан гIадалаб иш гьабурал нужеда гьанже бицине дир щибго гьечIо. Метер директорас гьабила нужергун кIалъай, – ян абуна гьес ахирги. Микки гIадин, гьебги гьес боржине биччазе бегьулаан. Амма гьелда боржине лъалароан.

ЦIудул бусаде чабхъен гьабуразул къокъа директорас нахъисеб къоялъ жиндирго кабинеталде ахIана. Гьенирего ахIун рачIана гьезул умумулги. Гьенир гьарурал бадирчIваяздалъунги иш лъугIичIо. Гьезул хIакъалъулъ къадал газеталдаги хъвана. Гьеб киналъго гьал гIезегIанго нечезаруна. Амма гьебгунияб гIакъубаги бихьун щвараб цIудул тIинчIги гьаз рехун течIо. РакIалде кколаан цо заманалдасан унго-унгояб цIумги бачун гьал школалде рачIараб мехалъ тIубанго гIайибги тIаса ккелин, учителас баркалаги кьелин абун. Хадусел къояздаго цIудул тIинчI жаниб хьихьизе квегIенаб ва щулияб бакI хIадур гьабизе ХIамидие кумекалъе долго гьудулзабиги рачIана. Гьезул щивас гьелъие кваназе щиб-щибниги жо: чадил кесек, гьан ва цогидаб бачIунаан. ЦIудул тIинчI хеккого кIудияб гIуна ва гьанже гьелда цIумилан абизе бегьулаан. Унго, гьеб кваналеб мехалъ лъималазе щолеб букIараб кеп! Цебе рехараб гьан гьелъул малъазукьа бахъизе лъихъаниги бажаруларoан. Гьанже гьелда жиндиего квен кьолел лъималги ратIа рахъизе лъалаан. Лъимал раккигун, гьеб хьул-хьудилаго гьезда аскIобеги бачIун, гозоги цебе цIутIизабун чIолаан. Цо нухалъ лъималги раккичIого, цIум гьанги щвечIого хутIун букIана. Гьеб къоялъ ХIамидидаги гьеб цIикIкIун гьардолеблъун бихьана. Къавулъги тIокIав чи вукIинчIо. ХIамидица гьеб къоялъ эбелалъул хъахIаб гIанкIу, хъвезеги

хъун, цIудуе кьуна. Гьелдаса хадув гьав чан къоялъха тIатIалаго эбелалъ гьеб «биларабо» хъахIаб гIанкIу балагьизе витIулев вукIарав. ТIадвуссанщинахъе гьасулги абулеб жо цохIого букIунаан: – Араб бакIги лъаларо, бихьарав чиги гьечIо. ХIамидица цо нухалъ хIалбихьиялъе цIум хIатIида кварги бухьун боржине биччана. Амма гьеб рикIкIаде боржун инчIо. Гьанже гьесда бичIчIана гьеб тIубанго жиндего ругьунлъун букIин. Гьелдаса хадуб тIубараб анкьица цIум эркенлъиялда тана ва гIицIго сардилъ гурого жанибе бачунароан. Цо нухалъ, къалъул гIужалда, цIум, боржунги ун, росдал ахалъуда бугеб цо кьурда рещтIана ва тIадбуссине хиял гьабичIо. ХIамид гьениве векерана. Гьев аскIове щвезегIан парахат чIун букIараб цIум гьанже кIкIал бахун доб цояб рахъалде боржун ана ва гьениб цо гохIил тIогьиб рещтIана. Сухъмахъазулъа гIодовеги векерун гIетIулъ восарав ХIамид цIудуде гIагарлъана. Байбихьуда сабуралда чIун букIараб цIум, гьав аскIове щварабго, куркьбалги тIиритIизарун, эркенго боржун гохIил рагIалде щвана ва гьенибги гьасда бихьулелъуб цо ганчIида рещтIана. Рохьобе гIезегIан нух букIана. БукIаниги щиб, цIум гIадада борчIизе биччазе бегьуларелъулха! ХIамид рохьил рагIалде щвана бакъанил гIужалъ. ЦIумин абуни, гьев аскIове гIагарлъигун нахъеги боржунги ун, гIурул рагIалда бугеб ахикь, бищунго борхатаб гIечул гъотIол тIогьиб рещтIана. Бер рукIкIунеб гIужалъ ХIамид ахикье щвана. «ВачIа дун бачине, вачIа!» – ян ахIулеб гIадин, тIаса-гъоркье гьасухъги балагьун, гьеб парахатго чIун бугоан. ХIамид гъотIода тIаде ххарана. Гьанже гурони гьанже цIудул бох кквезе щвелин вукIарав ХIамидида цо кисаялиго ахIулеб гьаракь рагIана ва гьеб параялъ цIумги боржун сардил бецIлъукье тIерхьун ана. Гьасда вихьана векерун вачIунев ахил хъаравул. – Хекко гъоркье рещтIа, хъачагъ! – ан ахIана гьес ццидахараб гьаркьидалъун.

– Ду-дун а-ахикье гу-гуро ва-вачIунев вукIарав…

– Вихьула дида мун киве вачIунев вукIаравали, хекко!

ХIинкъадго гъоркье рещтIунев вукIарав ХIамид хъаравулас хIетIеги цIан тIаса гъоркье вехъерхъана ва лъикI унтиледухъ гIинги кьурана. – Дун гIеч бикъизе гу-гуро…

– ВуцIцIа, ххазабе гьанисан, дида лъалин нуж щиб гьабизе гьанире рачIунелали. ХIамидие цIудудаса махIрумлъиялдасаги захIмалъана гьабичIеб цIогь тIаде ккей. Хъаравуласдайин абуни гьелъул хIакъикъат нахъа гурони лъачIо. Амма цIум кодобе щвечIо.

Наби ГIисаев

Чакарил тIоцебесеб чед

Эбелалъ Чакарида
Чанго къоялъ цебегIан
Чед бежулеб куцалъул
«ГIелму» малъун букIана.

Цо нухалъ хIалтIудаса
Эмен рокъов щвелалде,
Ясалъ бежун ханждал чед
Столалда тIад лъуна.

Кванан вахъараб мехалъ,
БатIияб тIагIам лъанин,
Лъадуе рецц-бакъ гьабун,
Гаргадана Хъазами.

Хъизаналъ жаваб кьуна
Ясалъе гьабе реццин,
Гьелъ бежараб чед дуца
Квананин гьабсагIатин.

Школа лъугIарабго,
Богогьанлъун цIализе
Шагьаралде йитIилан
Абуна Хъазамица.

Ясалъ жаваб гьабуна
Жий жеги гьитIин йигин,
Школа лъугIилалде
Лъугьунеб жо лъаларин.

Дир гIакъилаб гIалиман,
Эбел РахIматицаги,
Рукьалда балеб сагIат
Босилилан абуна.

Ясалъ жаваб гьабуна
Щибго боссе ккеларин,
Къадада бараб сагIат
ГIечIогойищ нилълъ ругел?

ГIемерго цIакъ бокьани,
Хъвадарухъабаз хъварал
ТIахьал росе. Гьездаса
Пайда цIикIкIараб щвела.

Анкь иналде инсуца
Къвал цIун тIахьал рачIана,
ГIурус-Дагъистаналъул
Хъвадарухъабаз хъварал.

Чакар цIакъго йохана,
Эбелалда, инсуда,
Иргаялда къвалги бан,
«Баркала!» - ян абуна.

- Баркала дуе буго,
Чакар, нижеца кьолеб,
Сундулъго дур бажари
Бихьун лъараб мехалда.

Дарсал хIадурун хадуб
Нахъарокъоеги ун,
РагIул устарзабазул
Асарал цIалулаан.

ЦIакъго рекIее гIурал
Асарал Чакарие
Эбелалда мех-мехалъ
Рицине бокьулаан.

Гьедин тIадчIун цIалдеялъ
Хъазамил Чакарица
ЛъагIалил четверть гьале
«Щуйилазда» лъугIана.

Завучас школалъул
ГIаммаб линейкаялда
Чакарие рецц гьабун,
Грамотацин кьуна.

ШартIал гIуцIараб мехалъ
ЦIалиялъулгун хIалтIул
ХIасилал лъикIал лъугьин
Лъиего баянлъана.

Салман Хlасбулаев

Кlодол биценаздаса

Гьаб лъугьа – бахъин ккун буго цlакъго цебе заманалда, цо кинабилаго бакъ-баккул улкаялда.

Гьеб улкаялда йикlарайила мискинаб рукъалъул цlакъ берцинай цо яс. Берцинлъиялъулго гlадин, цlар ун букlун буго гьелъул ретlел-партал букъизе бугеб махшелалъулги. Жийго мискинаб хъизамалъул яс йикlаниги, гьелъухъе ретlел букъизе рачlунел рукlанила бечедал чагlиги, живго ханги ва ханасул агьлу-къоноги. Гьелъул чорхол гьайбатлъиги гьурмал берцинлъиги, меседил кунаца камиллъиялда, накъишал гьарун, букъун-къачlараб, батlибатlиял ратlел-партал бихьарал гьелъие ракlги мукlур гьабун, гьей ячине чанадулел чамго гlолилалги рукlанила. Амма яс тlирун чlун йикlун йиго, жиндие нужер бечелъиги кlалгlабиги хlажат гьечlин, бечелъи жиндие нужедаса кверзул махшел бугев рос швей бугилан.

Гьеб хабар рагlарав ханасул вас вилълъанила гьей ясалъухъе. Гьей йихьарайго васасул рекlеда рекlанила рокьул цlа. Гlолилаз цоцазде жидерго мурад загьир гьабунила.

Ясалъ жиндирго мурад загьир гьабидал, гьеб рекlеда хъатlарав ханасул васас чlухlун жаваб гьабунила:

– Рихьулищ дуда гьадал гьалагал чуязда рекlарал дир рагъухъабиги, меседалъ къачlараб пайтонги, ва дур мурад босизе гlураб гlарац-месед жаниб бугеб гъамасги.

– Дир мурад босизе ккани кинабгlаги хазинаялда кlоларо… Дир хазина буго кверазда махшел букlин. Хан гьев ватаниги, кверазда махшел гьечlесе дунги ячlунаро, – ян хlалимлъиялдаги абун яс гьаругьинан жанахlалъуе жание унила…

Рокъове щведал васас инсуде ккараб-таралъул бицанила. Ханасул цlакъ ццин бахъанила, цееги къотlун гьание щай ячинчlейилан чlичlидизе лъугьанила… Хадув, гlодовги вуссун, гьес сабруялда абунила: «Халгьабураб заманалда, ясалъул жавабалда жаниб цо кинаб букlаниги, гlакъилаб балъголъи буго. Гьеб цо къоялъ жибго рагьила нилъее…»

Ратlлил устар йихьаралдаса ханасул васасул рекlелъ бикlаризе лъугьанила гьелдехун бугеб рокьул асар. Гьеб асаралъ асир гьавун вугев васасда кlолеб букlинчlила гьей йихьичlого вукlине. Амма цебе лъураб суал тlубазабичlони ячlинарилан тlирунчlун йигей йокьарай ясалъул лъазабиялъги, мискинаб рукъалъул, язихъаб хъизаналъул яс ячинарилан кьварун чlун вугев инсул буюрухъалъги васасул цlакъ рахlат бахъизабун букlанила. Ясалъухъ гlашикълъун вугев ханасул вас лъим щвечlеб, бечlан унеб тlегь гlадин, къойидаса-къойиде запигlлъулев вукlанила. Гlурдада басандулеб рахьдаца гlорцlараб чанил тlанчl гlадин гlанчlго вукlарав васасул сипаталдаса ссун унеб букlанила чlаголъи. Васасул букlараб гlанчlаб гlумро, биун тагlун унеб хlедул чирахъалъул канлъи гlадин ссун унеб букlин бихьидал хан рес къотlараб бакlалде ккани. Васасул хlалхlукму сунде кколеб бугебали бихьарав гьев ва гьесул бика хlажаталлъун ккани гьесул мурад тlубазе ва ясалъул эбелинсухъе абун чагlи ритlизе.

Ханасул абунчагIи рагьде рачIиндал ясалъул эбел-эмен риххиялъги роххиялъги хIатIал рухIарал гIадин гьабизе жо лъалаго хутIанила. Амма яс абунчагIаз щиб хабар бицаниги мукIур гьаюн бажаричIила…

– Ханасул васасеги ячIунарей, чIухIарай гьей яс дица цIалаца яцIулаго, цееги къотIун, гьание кIалгIаялъуе ячина ва хвезегIан лагълъунги гьайила, – ян ахIи – хIур бахъинабунила ццидахарав ханас. Хадув, гIодовеги вуссун сабруялда абунила:

– Улкаго кверщаликь бугев, киналниги гьунар тIокIал, тIадегIанлъиялда ругел гIадамалги, рагъухъабиги, махшелчагIиги дир ихтияралда рукIин лъаниги, гьей ясалъе ханасул васасе кинаб махшел щвезе къваригIун бугеб гьей ячине ккани, гьаниб цо балъголъи букIине ккола… Гьеб цIехезе дун ина гуриш гьелъухъе…

Ханги гьев цIунулеб къапилаги рагьде бачIиндал, ясалъул эмен-эбел лъаваудаса ине дагьал хутIанила. Хан абуни, гьезул гьитIинабго мархьу бихьидал хьвагIезе бетIерги гьабун ахIдезе лъугьанила:

– Гьаб гIанкIабазул рокъой гIурай гIаданалдаги кIолеб бихьуларищ ханасда тIад елъизе. Хех къватIие ячIа цо, цинги кьеларибин дуца дие додинаб жаваб!

Къиризе нуцIаги гьабун гьаругьинан къватIиеги ячIун ханасда цее чIанила чорхолъаги гьайбатай, гьурмалъаги берцинай, бицун чи божуларей гIадай гIадан. Хан жиндирго беразда божулев вукIинчIила, гьей ясалъул гьайбатлъи бихьун.

Ясалъул гьайбалъиялъги, гьелъул хIеренаб каламалъги ханасул рекIее кIудияб асир гьабунила.

– Дун духъе щиб мурадгун вачIаравали бичIчIун батила дуда,-ян абунила ханас гъоркь кьур-кьудилеб бугеб чоде цIалги хьвагIун.

ЦIал хьвагIидал чу дагьабги кьур-кьудизе, гьалаглъизе лъугьанила,

амма ханас гьеб цIалацаги бацIун, хIинкъизабун чIезабунила, гьеб букIанила ханас гIадамазда бичIизелъун, гьел жиндикьа хIинкъизариялъул мурадалда гьабулеб букIараб, чIухIараб, гогьаб гIамал, жиндир ханлъиялда ругел гIадамазул щивасда жинца квелъ бан букIин ясалда бичIчIинабизелъун гьабулеб букIараб кIудияб чIухIиялъул хьвада-чIвади. Ханасул пикру ва мурад бичIчIарай ясалъ гьесдехун хинлъиялъ цIурал берзул чIоралги речIчIизарун хIеренго абунила:

– Дур бетIер чIахъаяв, хIурматияв хан, лъикI щварав гьоболлъухъе. РештIа чодаса, чедгун цIамул тIагIам босизе нух рагьараб буго нижер рокъобе.

– Дун гьоболлъухъ вачIарав гуро, щай дуца дир васасе ячIине инкар ккун бугебали лъазе бокьиялъ вачIарав вуго, – ян абунила ццадахарав ханас.

– Ханасул васасе ячIунарей яс жеги дунялалда йижинчIо, ханасул буюрухъалъе мукIурлъуларев чиги вукIунаро. Дунги нужер амруялъе мукIурай йиго, амма

дирго пикроялъе хисизеги бокьун гьечIо. ХIурматияв, хан, гIумру буго лъачIого ун батулеб жо, метерисеб къо кинаб бачIунеб лъалареб… Инсанасул гIумру тIабигIат гIадин хисулеб жо буго. Цо чIараб хIалалда букIунаро гIадамасул гIумруги, гьесул магIишатги, цин мискинлъула цинги бечелъула… Бечелъи щущазе бегьула, ханлъи тIагIине бегьула, амма чиясул кверазда бугеб махшел лъицаниги бахъуларо, гьев хун хадубги гьесул лъалкI ракьалда хутIула...

Ясалъул берцинаб ва гIакъилаб гьеб каламалъ кантIизавурав ханасул цIорораб рекIелъе лъугьанила хинаб мутIигIлъиялъулаб асар…

Гьелдаса хадуб, ясалъул мурадги тIубанила, ханасул васги вахъанила сверухълъиялдаго машгьурлъи щварав, гIарац-меседалъул тIагIелал накъишаздалъун, рикIун къачIан гьарулев унго-унгояв устар ва хеккого гьезул ханлъиялдаго цIар араб бертинги гьабунила. ГIакълуги камилай, каламги гьуинай, гьунарги тIокIай, тIолабго жо жинца берцин гьабулей гьайбатай нусалдаса рохиялъул гIорхъи букIинчIила ханасулги чIужуялъулги. Гьарунила гьезие лъималги. Лъимал накалда расандилаго гIезарулел ханги гьесул бикаги рукIанила, устарлъи гьабулев васги вукIанила, жиндирго букъи-къачIай гьабун партал букъулей нусги йикIанила.

Гьедин рохалида унеб букIанила гьезул гIумру. Васасул лъималги кIудиял гIунила, ханги бикаги херлъанила. Васасулги нусалъулъулги меседил квераз камил гьабунила ханлъи, гьезул къайи-матахI бичун бечед гьарулел рукIанила ханлъиялъул хазинадул гъансал… Гъансиниб гIарац цIикIкIахъе мискинаб халкъалъеги гьелдаса пайда камулеб букIинчIила.

Васасасдасаги нусалдасаги вохарав херав ханасул рохел халат хутIичIила, даран-базаралъ арав вас, араб бакI лъачIого тIагIаралдаса гIурал къоял ун рукIанила. Цо къоялъ ханасухъе хъван кагъат бачIанила жидеца цебелъураб гIарац-меседалъул къадар кьуни вас чIаго нахъе виччазе вугилан. Гъачагъаз тIалаб гьабулеб хазина кьечIони вас чIвалевлъиги, кьунани жиндир ханлъи накабазде ккезе букIинги бичIчIун хан цIакъ ургъалиде кканила. ГIакълучIагIигун гIодов чIанила ханги нусги, гIемер ургъанила… бицанила… борцанила…амма бодулъе бахъараб цо пикру данде ккечIелъул нусалъ абунила:

– Гьеб захIматаб иш гIумруялда бахъинабизе дир божилъиялда те, кинабго дица рукIалиде бачине буго, гъарачагIиги жидецаго бухъараб къоронире ккезаризе руго...

КIиго сордо-къоялъ кванач1ого ва кьижичIого нусалъ букъун-къачIан хIадур гьабула гъарачагIазул гудракье ккарав росасухъе битIизе хIикматал накъишал тIад угьараб гужгат.

Ясалъ гьел гъарачагIазул витIунчиясухъе кьола ва абунила: «Ниж божулел гьечIо дир рос нужер квершаликь вукIиналда. Нижеца нужер мурад тIубазе ккани, цин гьев божиялъе гьесухъе щвезе ккола дица букъараб гьаб гужгат ва гьес ниж божиялъе данде битIун бачIине ккола жиндирго мугьру.»

Берцинал кунаца угьун, накъишал гьарун къачIараб гужгат гъарачияс цебе рехидал бихьарабго лъана ханасул васасда жиндир хирияй чIужуялъул хIалтIи гьеб букIин. Гьаругьинан кодоб гьебги босун, щибаб накъишалъул ругел балъголъабазул халги гьабун, цоцазулъе гьелги риччан гьенисан гьес цIаланила: «Хазина бахчараб бакI дуда гурони лъаларо. КIул рокъоса босизе ккола. Мун гьелгун вачIине ккола. Нижеца гъоркьчIел хIадурила-ян.

– Божанищ?-ан абуна гъарачагIазул цояс, – чIужуялъул хIалтIи гьеб букIиналда?

– Божана, – ян къокъаб жаваб кьунила ханасул васас.

– Божун ватани хехго дур мугьру кье.

– Мугьру нужгун вагъулелъул бортун батила… тIагIун батана. Мугьру хIадуризе кIиго къоги къвариг1уна, гьеб хIадур гьабизе

гIарац – меседги кьуни гурони нужер мурад тIубан дидаги бажаруларо. Мугьру гьечIого нужехъе дир чIужуялъ хазина бахчараб бакIалъул кIулги кьоларо, – ян абунила васас.

КIиго къоялдаса гьеб мугьруги босун гъачагъаз ханасул нусалъухъе чапар витIанила.

Килщал данде рачун, хъатиниб бахчулеб тIад месед – гIарацалъул хIикматал накъишал хъвараб гургинаб мугьру кодоб босидал ясалъ хIикмалъи гьабунила. Гьелда тIад цоцалъе риччан гIажаибго берцин хъварал накъишазул балъголъи ясалда рагьизе кIванила. Гьелда хъван букIанила: «Щулалъидул гохIда бугеб хъалаялъул кIул гьезухъе кье, дица гьал балъгояб нухдаса гьенире рачина, гьезие къор гъе!»

КIул босун гъачагъазул чапар тIаде щведал цеве ханасул васги къотIун гъарачIагIаз тIасияб къоялъ гьеб хъаладухъе сапар бухьанила. ЦIодорлъиялда, жидерго такъсирияб иш рагIалде бахъинабулел рукIаго гъарачагIи ханасул аскариязул гудракье кканила, ханасул васги гьезул малъакьа ворчIанила.

Гьеб лъугьа-бахъин бергьенлъиялда иналъе ва рухIгIан жиндие хирияв цо вугев вас хвасарлъиялъе гIоло ханас халкъ ахIараб кIудияб квана-гьекъей гьабунила, мискинаб халкъалъе гIемер пайдаяб хIалтIабиги гьарунила, гьезие минаби разе ва рекьизе ракьалги кьунила.

Ханасда бичIчIанила инсанасул бечелъи цо тIеренаб тIолеб кваралъ ккун букIин, гьеб бокьараб къоялъ тIунги ун щущахъ ине бегьулеблъи. Амма инсанасул кверзулъ бугеб махшел-гьунаралъги ва гьесул бугеб гIаданлъиялъги гьев хун хадубги, гьес ракьалда кIудияб лъалкI толеб букIин.

Бикъила – вакъила

(МагIарулазул аби)

(дир лъимерлъиялда ккарабхIакъикъияб лъугьа-бахъин)

Лъабго къоялъ цее, колхозалъул чIегIербоцIуе цIам босун, чачаназул ЧIарбилазул тIалъиялда бугеб Гьендой росулъе ун йикIарай эбел, дун школалдаса вачIиндал рокъой ятана. Эменгун цадахъ боцIул фермаялда гIемер хIалтIиялъги, мугъалда раччиги баччун халатаб сапаралдаса свакан тIад юссун ячIарай гьей мангиялдаги егун йикIана. Гьелъул ячIиналдаса рохарал дир гIисинал вацал МухIамадги ГIабдулаги катитIанчIи гIадин гьелда сверун лъугьун лъухьардулел рукIана. Гьезул цо дагьабгIаги тункиялъ эбелалъул щибаб лага унтулеб букIаналъ, жиндаса роха-хинлъун ругел лъималазда гьелъ абулеб букIана: «Вай, дир лъимал, те дун, тIилаца бухараб гIадин, сваканги чIунтунги бугин дир къаркъала» – ян.

Эбел сапаралъ кие аниги, кIодол тIалаб-агъазалда рукIунаан ниж. Амма эбел сапаралдаса тIад юссун ячIин нижее букIунаанха кIудияб рохеллъун, рахIматалъул бакъ баккараб гIадин. КIодое гьеб цо щаялиго рекIее гIолароан; дир тIалабчилъиялда гъоркь эркенго буртIал гIадин, расандилаго гIолел ругониги, эбелалде гIадаб дидехун хинлъи букIунаро гьазул-ян абулаан гьелъ.

– Лъимал гьечIищха, эбел, гьал, гьазда релълъун ругони, нилъги гьалго лъималзул гIадаб гIамал бугел рукIунаришха?– янги абун эбелалъ кIодо гIодой юссинаюлаан. КIияйго эбелалъ лъикIаб тарбияги кьун куцалаан ниж, малъулаан гIаданлъи, адаб, хIурмат, сабур ва гIакъло бугеллъун рукIине. Росдал лъималазул кинаб букIаниги квешлъиялъул рахъалъ гъалатIал ккани, гьеб гьурилъун боржунаан щивав эбел-инсул рокъобе. Гьезги гьеб жидерго лъималазда сурунги бихьизабун, лъазабулаан гьединал сурукъал пишаби нужеца гьаруни кIудияб тамихI гьабизе букIин …

Тарбия кьун къебелъухъ махх гIадин лъадараниги ниж лъималазул цо-цо гъалатIал ккечIого хутIулеб букIинчIо. РакIалде бачIахъе дун ничалъул цIеца вухIизавулеб, дир ккараб гьеб гъалатI сабаблъун, эбелалъ дие гьабураб кьварараб тамихIалъул бицен гьабизе бокьун буго. Гьеб букIана дун лъабабилеб клаассалда цIалулеб сентябрь моцIалъул байбихьи.

Жинда йилъанхъун бажарулеб хIал гьечIинги абун, эбелалъ дун росдада цебе бугеб «Амикь» хуриве картошка бахъизе ва хъабахъ тIезе витIана. Гъоркьаавалалъул годекIанир гIодор чIун хабар-кIалалда ратарал Давудиеги, Сайгибатиеги саламги кьун, дун унелъул къо бакъанихъе балагьараб гIуж букIана.

Школалда нахъа бугеб, ЗайнулгIа-бидил Написатил чIваданалде цеве дун щведал, дир бер речIана гьениб тIасияб малълъиялъул къададаса гъоркье далун бугеб, футболалъул торгIо гIанасеб, зодоб моцI гIадин тIугьилаб кьералъул ва чIурканаб цо хъабахъалда. Гьеб бихьидал дир гьелде хьул лъуна ва гьелъ дир ракI тIаде цIана. Дица пикру гьабуна тIад вуссун вачIунелъул гьеб тIезе. Эбелалъ хехго вачIаян абурабги дида кIочон тана. Дир пикраби цого-цо доб тIогьилаб хъабахъ бикъиялда тIад хIалтIулел рукIана. Хурив

дагьав кватIизегIанги чIун, гIадамал боцIул тIалаб–агъазалда руссараб гIадаб заманалъ дун доб хъабахъ тIезе вилъана. Зазица сверун къараб гьеб чIваднибе хIалалъ нухги бахъун, дица гьениса хъабахъ тIуна. Гьале дида кодоб буго цо кIудияв чиясул бетIер гIанасеб хъабахъ, гIумроялда тIоцебе бикъараб чияр хъабахъ! Лъида гьаб бикъулеб бихьараб, дида цIогьорин абизе. Лъида гьаб бикъараб букIин лъалеб, дида тIад цIогь чIезабизе? Вугевищ гьелъие нугI! Кинабго гьабуна мухIканлъиялда, цIакъ цIодорго киноялда гIадин лъидаго бихьичIого.

Рокъове щведал щай кватIарав абун эбел семана. Дицаги гьелъие гьереси бицана лъикIаб хъабахъ балагьулаго хур гелизе кканилан.

Хъабахъ бихьидал эбел цо тамашаго дихъ ва гьелъухъ ялагьана.

– Нилъер хуриб гьадинаб тайпаялъул хъабахъ букIарабишха? Дун магIарде араб гьаб лъабго-ункъго къоялда жаниб, кигIан хехго гьаб кIудияб гIураб? Цощинаб, вас, дуца гьаб Написатил чIвадинисацин гурищ тIураб? Гъолъул хъабхъазда релълъараб жо бихьула,–ян абуна эбелалъ бега-бахъун хъабхъил хал гьабулаго.

Эбелалъул гьел суалаз дир рекIелъе хIинкъидул асар лъугьинабуна, амма хIал лъазе биччачIого дица гьелъие хуриб батараб бакI загьир гьабун гьереси бицана. Эбелалъ кIибикIизе бетIерги гьабун, гIенеккунги чIун, хъабахъ къотI-къотIун, картошкагун цадахъ кIудияб хьагинибги бан цIетIа лъуна… Белъана. ЦIетIасаги бахъун эбелалъ хьаг гIодоб лъуна ва гьелъул тIалъел бахъарабго бурун бачIунеб хIухьлада цадахъ тIибитIана картошкагун хъабхъил берцинаб махI. Ниж хьаг сверун кIусун рукIана, щибаб эбелалъ гьенисан росулел хъабхъил мочIабазухъги ралагьун. ГьитIинав ГIабдулаца гьелдехун квер бегьулеб букIана, амма бухIулеб букIиналъ зигардулаго нахъе босулаан.

– ЦIорозегIан яхI гьабе, дир лъимал,- ян абуна эбелалъ. ТIибитIараб кIудияб цIулал хIарччинир лъурал хъабхъил мочIобазухъги ялагьун эбелалъул рекIеде жеги вас-васи бачIараб къагIида буго, нахъоги цIехана гьелъ хъабахъ Написатил чIвадиниса босараб бугищан. Дир гIенеккунчIеялъ гьей гьаб нухалъ сихIирго дир балъголъи рагьизе Написатидахун семизе, гьей цIогьор йикIин йихьизайизе лъугьана, гьелъул щиб бикъаниги бегьулин абуна.

Дун мукIур гьавиялъе Написатидехунги цузабун, эбелалъ бицунеб берцинаб калам букIинги бичIчIун дун гIенеккун чIчIана. Эбелалъе абуни дир гIенеккунчIчIей рекIее гIолеб букIинчIо.

– Вореха, дир вас, гьелъул жо бикъулелъул цIакъ цIодорго, лъидаго бихьичIого бикъе,–ян абуна эбелалъ хIалимлъиялда дихъги ялагьун.

Гьелъул хIалимаб балаялъги, хIеренго гьелъ цIогьалъулги рехсон дир васин абидал, дир ракI хIеккун ана.

– Гъобаса хъабахъ босулаго дун лъидаго вихьичIо, эбел,– ян абуна дица ракI рагьун. Написатил чIвадиниса хъабахъ бикъиялъе дун мукIурлъидал, эбел гъасдаса гъецIги босун, тиршун тIаде яхъана… Гьелъул берзулъ кунчIизе лъугьана ццим бахъиналъул гIаламат.

– Бикъарабищха гьаб букIараб?! НичгьечI! ЦIогьор! Гьас босун рагIунаха ле, чияр чIвадиниса жиндир гуреб хъабахъ. Босараб гуро гьаб бугеб, бикъараб буго! Бикъараб, хIарамаб жо хIажат гьечIо дир рокъоб, – янги абун эбелалъ кодоб букIараб гъецI дир мугъзада, унтеледухъ кIиго нухалъ бахинабуна. – Босея гъоб хъабхъил хIерчч кодобе, гьебги босун Написатихъе вилъая цо дида цеве-цеве, гьеб нич гьечIеб гьумералъ гьей тIасалъугьинайизе.

Дир рекIеда тIад хIинкъиялъул асар хIенсезе лъугьана, гьумер абуни цIаялда цеве чIарав чиясул гIадин ничалъул цIеца бухIун багIарлъана. Эбел диде семулей йикIана, кIал гьикъулеб букIана, малъарабщинаб гIакъло кибе арабилан? Кверал сородилаго кодобе босана дица хъабхъил цIураб хIерчч. Хъабхъил мочIо цIороларого яхI хун вукIарав ГIабдула, дица гьеб кодобе босарабго чIичIидизе лъугьана.

– Бикъараб кванани вакъула, гьеб кваназе нилъее хIарам буго, – ян абуна эбелалъ васасдехунги юуссун гьев веэдулаго.

Хадув гIодилаго ГIабдулаги тун ниж рокъоса къватIире лъугьана. Сордо букIана цIакъ бецIаб, талихIалъ, данде чи ккечIого рорчIана. Написатил рагьде ниж щведал сагIат гIадин кIетIезе рекIана дир ракI, кверал абуни гIисинккун сородизе лъугьана.

Ниж жанир лъугьиндал Написат боголкакдаса хадуй дугIа-алхIамалда ятана.

– Написат, мун тIасагилъугьа, дур рахIат бахъанилан, – ян байбихьана эбелалъ,– гьав нич гьечIев бахьикъосас дур чIвадниса хъабахъ бикъун буго, белъун хадуб гурони бикъараблъиги лъачIо…

Написатица цо параялъ диде бер щвезабуна. Херлъидал, гьурмаде рехарал рукIкIалабаз, данде цIазарун ругел гьелъул гIисинал беразда жаниб жавгьар гIадин кунчIизе лъугьана хинлъиялъул гIаламат бугеб балай. Гьелъул гьеб хинаб балаялъ дир ракIалъе кIудияб цIобалъул асар гьабуна.

– БикъичIониги кьезе букIана, дир вас, цого ццим бахъунеб жо буго сверун къан бугеб зазги бахъун гьенисан нух бахъи, – ян хIеренго абуна херал ъ.

Эбелъул буюрухъалда рекъон дица хъабхъил хIерчч тавуханалда цебе лъуна ва гьелда запигIаб гьаркьидалъун тIаса лъугьаянги абуна.

– ТIасалъугьарай йиго дун, дир вас, бикъичIого, ракI бараб жо кьеян абе. «Бикъила вакъила» абураб умумузул кици цебе чIезабе дуца хадубккун чияр жоялда квер базе ракIалда ккани, – янги абун

гьелъ дица лъуралъуса кодобе босана хIерчч.

– Аминат, гьабго щиб рекъечIеб пиша. Нужее эбелалъул рахь гIадин, хIалал буго гьаб. Лъимералъул ракI бан батила… гьезие кьезе рокъобе босе, ма!

Эбел тIирунги чIун, босичIо…

– Бикъарав вакъизе виччанте,– ян дидехунги абун эбелалъ Написатихъ бугеб хIерчч нахъегIан цуна. Гьезда гьоркьоб хабар ккана… Дун абуни эбелалъ кодоб букIараб гъецI гъажилъги бахинабун рокъове витIана.

Рокъове щведал диде данде кIанцIун вачIана ГIабдула, гьикъизе лъугьана хъабахъ кибе арабилан.

Дун рокъове щун хеккого ячIана эбелги. Гьей ячIиндал роха–хинлъун гьелде данде рекерана ГIабдулаги МухIамадги. ГIабдула эбелалдаги хурхун, гIодиялдаги ван «хабах э», «хабах э»-ян гьардизе лъугьана.

– Хъабахъ бикъарасда кьеян абе!– ян абуна эбелалъ ццидахун дихъги ялагьун. – Чияр бикъараб жо, дир васал, кваназе хIарамаб букIуна,–янги абун гьелъ васал каранде къана.

Амма ГIабдула гIодана «хъабахъ эго– эян» абулаго…

– Салман, бихьулищ цIогьалъ гьабулеб жо. Гьав васасул мунагь буго дуе. Бикъарав-вакъула. ЦIогьги гьересиги цо хIатIида гIумро гьабулел рукIуна. Бикъараб ахир-къадги тIатинчIого хутIуларо. Бикъараб кваназе щвечIого, цIогьорги къаси нуж гIадин, вакъун хутIулев,–янги абун эбелалъ белъараб картошка нахъе лъуна…

Картошкаги хъабахъги кваназе кIудияб гъираялда рукIарал нижее эбелалъ тамихI гьабуна гьеб сордоялъ кваназе жоги кьечIого. Ракъун къварид ругел ниж кваначчIого кьижун ккана…

Эбелалъул гьеб тамихI гьаби дие гIумруялъ дарслъунги хутIана.

Сабрият ХIабибулаева

Хасалихъе

Хасалихълъи буго
Гьоболлъухъ бачIун,
ХIанчIил чIири дагьаб,
ТIогьол кьер араб,
Гургинал моцIазул
ЦIараб заманалъ
РоцIараб зобалъул
Гьумер лъалареб.

Унго, сон букIараб
Рииги ихги
АхIун къватIибе гъей
Гъара гуребищ?
Дирги жакъа бугеб
ГIумруялъул их,
Хасалихълъи бачIун,
Хисулеб жодай?!.

Мильирщодул бусадухъ

Саманалъ къед бараб
Рукъзал рихьанищ –
Рукъ буго гьабулеб
Милъирщабаца.

Гороялда тIадги
Цойги горо чIван,
ЧIухIараб си буго
ГIезе гьабулеб.

Цоялъ хIарщул горо
Босун бачIуна,
Цоялъ «лъим» тIинкIула
ТIад гьеб лъелалде.

ТIеренаб сум лъола,
Рас-муч бачIуна, –
Бихьараб хIал гьечIо
Щула гьабулеб!

Огь, нужер рукъалъул
Къадал берцинлъи!
Къадахъанлъиялде
Кир нуж куцарал?

ЦохIо гозоялъул
ХIикматаб махщел,
ХIикмалъун хутIула
Нужехъ ралагьун!

Мокъокъил тIинчI

Жакъа дун радалго
Хурие щвана,
Мокъокъил тIинчI буго
Бекерун унеб.

Цо чIегIераб кету,
КвачIазде гьункьун,
Гьебги гIужие ккун,
ГIунун чIун буго.

Мокъокъил тIинчIалда
Гьеб бихьуларо,
БитIун тIаде буго
Гочун бачIунеб.

АскIой екерана,
Кету лъутана,
Тохлъараб тIинчI дица
ТIад квер чIван ккуна.

Гьеб дихъа борчIизе
Твархарабщинаб,
Татухун ахирги
Хъатикь сасана.

Гьелъул гьитIинаб ракI
Буго кIетIелеб,
ТIинкI-тIинкIан кIетIолеб
СагIат кинигин.

Дун гьелда гурхIана,
Дица абуна:
– Эбел гьечIого мун
Бажариладай?

Бачун лъикI гуродай
Дир рокъобе мун, –
Бакъизе теларо,
Ролъул мугь бала.

Гьелъ дида гьарана:
– Дун гьанибго те,
Дур рукъалдаса дий
ГIалах бокьила.

Хlанкъва

Мадугьалихъ боркьараб
Корохъ чадал режизе,
Эбелалъ беччизе гlатl
Лъун букlана радалго.

Цlекlлъизехъинбугилан,
Бежизе рилълъайилан,
Патlичица бабае
Букlинчlо хlалхьи толеб.

Ана эбелгун цадахъ
Цинги Патlич корохъе,
Эбелалъ гьабуна чед,
Патlичица – цо хlанкъва:

Жибго гургинаб буго,
Габур халатаб буго,
Хъарщиялда тlадги лъун
Бегьана коронибе.

Хlанкъва бежулеб буго,
Багlарлъун унеб буго,
Бухlилалде хlинчl нахъе
Босеян Патlич йиго.

Бежун хlанкъва эбелалъ
Патlичихъе бегьана,
Боржун ине гурилан
Махсароги гьабуна.

Патlичил хlанкъваялъул
Боржине хиял гьечlо, –
Гьелъул квенчlелдаса гьеб
Кибениги унаро.

Щайдай гьаб боржунареб,
Бухlундай гьаб коронибе,
Кваркьаби гъезе кlочон
Ратила Патlичида.

Кlодохъ гьоболлъухъ

Килальа Нуцалай

Риидал хlухьбахъизе
Ниж кlодохъе рачlуна,
МагlарухъБугеб гьава
Цlазе гъира букlуна.

Гlака бечlчlун, рахь гьекъон,
Гlанкlудал хоно белъун,
Хирияй кlодол хинкlал
Нижее цlакъ рокьула.

Бацlцlадаб гьаваялда,
Гьуинаб тlагlамалда,
Тlаде гьекъолеб чайдалъ
Дару гlемер букlуна.

КатитIанчIи

Нижер катица буго
Лъабго чараб тIинчI гьабун,
Гьезие хъулухъалъе
Дун йиго хIадурун чIун.

Дица гьезий рахь тIола,
Бусен тамах гьабула,
Гьезул эбел бачIиндал
АскIоре риччан тола.

Дун гьезие йокьула,
Дида гьел лълъурлълъудула,
Дунги гьездасан йохун
Ясандилей йикIуна.

МичIчIида хадур

МичIчI бетIизе гIалхуде
ГIурал ясалги рачун,
ГIумру гьитIинай дунги
Гьезда цадахъ къокъана.

ГIезегIан манзилги тун
Ниж борхалъуде щвана,
Бищун тIагIам цIикIкIараб
Гьаниб бугин абуна.

МичIчIида квер хъварабго
Килщида гьеб хIунчана,
Дие гьаб кIваричIилан,
ТуркIун нахъегIан къана.

КIалдибги хIунчIила аб,
Аб щиб гьабун кваналеб?
КIудияз бетIулеб куц
Бихьизе гIодой чIана.

Рокъоре щун, мичIчI буссун,
Гьелъул хинкIал гьаридал,
Квананго гIорцIулареб
ТIагIам гьелда батана.

Сарат МухIумаева,
(Дагъистанальул мустахIикъай мугIалим)

ЖамагIаталъул газа къурдаги рекIуна

(КIодол дарсаздаса)

Гьаб кици кин бичIчIулеб нужеда?

Цадахъ гьабураб хIалтIуца хIасил лъикIаб кьолилан абулеб магIна буго гьалъул. Гьединаб цо мисал бачина дицаги нужее жакъасеб хабаралъулъ.

Ихдал заман букIана. ГьатIанкъоялде ахикь гьабизе бугебщинаб хIалтIи инсуца киназего цебеккунго бикьун букIана. Метер гьабизе бугебщинаб хIалтIул ургъалица хIухьбахъизе заманго щвелароха гьанже гьатIанкъоялъилан ургъалида рукIана регизе рахунагоги васал. Радал кваназеги кванан, инсуда цадахъ лъимал ахикье рахъана.

– Дунги хадуй гъела нужеда, цIарагIги чурун-илан абуна Написатицаги. ХIалимат-кIодоги лъималазда хадуй ахикьехун ана. Гьей гьение щведал хIалтIи ине бугоан тIадбан. МухIамадханица гъутIби кIурулел ругоан. ХIамзатги ГIисаги инсуца

кIурарал гIаркьалаби цо гохIде ракIарулел рукIана. Асиятица кьохорхоги босун, гъутIбузда гъоркьабакI ххан дандеги гьабун, цIа гъезе хIадурулеб букIана.

КватIичIого гачги кулъналги росун Написатги тIаде щвана.

– ХIамзат, ворея, эбелалъе кумек гьабея хехго гач гIисинал ведрабазухъе тIезе-ян ахIана МухIамадханица васасде.

ХIамзат гъираялда векерана эбелалъе кумек гьабизе. Написатица лъабалго лъималазухъе квердаххелал кьуна ва жанибе билъараб гач тIурал гIисинал ведрабиги кьун, жинди-жиндие кколел гъутIби рихьизаруна, рохьизе кколел. КIодоэбелалъ щивасул ведринибе тIилги бегьун, цоги нухалъ гач лъикI багъарана.

Къадекак ахIилалде гъутIби кIурун ва рохьун рахъана. ГъутIбузда гъоркь данде гьабунщинаб бакъвараб тIамах букIа, цогидаб рищни-къул букIа. гохIги гьабун, цIа гъуна инсуца.

Къадекакалги ран, кваназеги кванан, цоги нухалъ ахикье бахъана хъизан. Гьанже хутIун букIана гъутIбузда сверун ракь гьанкIизе ва гIиси-бикъинал хьонал хьазе. Васал тIаделъун гъутIби сверун ракь гьанкIизе лъугьана, эбелги Асиятги гъармил, порол, чIакIултIаналъул, ламадуралъул хьонги босун, инсуца гьанкIун къачIараб бакIалде гьел хьазе лъугьана. Написатица гозоца гьарурал рахъазда жанибе Асиятица кIодоэбелалъ малъухъе хьон хьалеб букIана. Бакъанилкак ахIулаго, хIалтIи рагIалде бахъун букIана.

– Мадар гьабуна жакъа киназго. ЦIакъ кIудияб хIалтIи лъугьана нилъер цо къоялда жаниб-илан абуна МухIамадханица. -Написат, гьал васал тукаде ритIизе бегьилилан ккола гьанже, жидеего бокьараб гьуинлъи ва пихъ-мичI босизе.

Инсуца гьабураб реццалъ васал цIакъ рохана. ГIарцуда хадуй инехъин йикIарай Написатида абуна ХIалимат-кIодоца:

– ЧIа, дир яс Написат, жакъа кIодол букIине биччанте садакъа-иланги абулаго, гьелъ чвантиниса гIарац бахъана ва васазухъе кьуна.

– Бихьулищ жамагIаталъул газа кьурда рекIараб куц жакъа? Рекере нужеего бокьараб хьул лъураб жо босун рачIа тукадаса.

– Кинаб газа, дахIабаба? – ян гьикъана Асиятица кIодоэбелалда, жиндидаго бичIчIаниги, ургъунго вацазда кIодол гIакъилал рагIабазул магIна бичIчIизелъун.

– Цадахъ гьабураб хIалтIи инсанасул кверзукьа къолаха, дир лъимал. Щиб гьабизе лъугьаниги, цадахъ рекъон киназулго къуваталдалъун гьабуни, гьеб рагIалде бахъуна. Кьуру гIадинаб къвакIараб жогицин бекизабизе кIолилан абулеб жоха киналго цадахъ рахъун хIалтIани. Нилъеца кьурда газа базе ккечIоха жакъа, амма гьабизе тIаде босараб хIалтIи лъугIизабизе кIванаха нилъеда, бажарарас бажарарабги гьабун, цадахъ рекъон хIалтIидал. Гьединлъидал, гьединаб жоялда анкьумумулъан бачIараб аби батана: ЖамагIаталъул газа кьурдаги рекIунаян абураб.

Жакъа нилъер жамагIаталъул газаги кьурда рекIана. Рекерея, бабал, ая хехго нужерго тукаде. Бокьараб хьул лъураб жоги босун рачIа – янги абун кIодоэбелалъ васал гIедегIизаруна. ХIамзат дове-гьаниве вуссинчIого кодоре щварал гъурщалги росун тукаде векерана.

– ДахIабаба, нилъер ХIамзатил гIусалги рекIун хутIичIони тукадаса босарабщинаб гьуинлъиялда. ХIамзатил гъоркьа хIатIал рихьулел руго векерулаго. Цосина гIемер кколаребщинабги босизе бегьула гьес. Инин дунги гьесда хадув-иланги абун велъанхъилаго вацасда хадув векерун ана ГIисаги.

Паишат Малачиева

Хаслихълъиялъул кучIдул

Месед биччалеб буго

Чирахъал гIадин гвангъун
Беричал гъутIби руго
Гендерил жаниблъуда
Ахал берцинлъун руго:
Хурма гIолъулеб буго,
Гьеб гIубиллъулеб буго.
Хаслихълъиялъ пихъиде
Месед биччалеб буго.

ХIавагIеч

ЦохIого-цо хIавагIеч
ХутIун буго гъотIода,
Гъеду-хIинчIалъдай квина,
ГIодобедай бортила;

Ах хъирщулеб гIужрукъил
Мугъзададай речIчIила;
Бакьучил яги гIанхрил
«Цогъронибедай» ккела?..

Рохьипихъал

Рохьоб кьерал гIемераб
Хаслихълъи рештIун буго,
Санидулгун жуламул
КIутIби багIарлъун руго.

ГIазу тIад чIараб жакки
ГIодобе гъалун буго,
Камиллъун гIалхулгени
ГIаздатIе гъвегъун буго.

Гъуцiизарун зазалгун
Гъарцiи тIогьиллъун буго,
Рохьаз даруяб нигIмат
«Ма» - ян бикьулеб буго.

КватIараб хасалихълъи

ЦIорол хъал биччана
ХъахIаб лъаратIе,
ЦIункIулукIаз кIилкIал
Рана гъутIбузда.
Гьезулги гъуждузда
ГIазул курхьаби,
Квачараб бакъуде
Къапелел руго.
Макьиххарал циял
Кьижизе ана,
Гьез жидерго тIанчIи
КинитIа лъуна.

Соколёнок

ISSN№0203–3682

Лачен

5/2026
сентябрь – октябрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Министерство цифрового развития,
информации и печати
Республики Дагестан.

Регистрационный номер
серия ПИ №ТУ05-0043 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
М.М. Ахмедов

Редколлегия:
М. Магомедов
К. Магомедов
А. Малачиева **(редактор)**
М. Абдулхалимов
З. Омарова
С. Магомедова
У. Салихова

Технический редактор Т. Лузина
Художник номера У. Магомедова

Формат 60x84 1/8. Бумага офсетная.
Уч.-изд. л. 3,2. Усл. печ. л. 3,26.
Физ. печ. л. 3,50.
Подписано в печать 01.10.2026 г.
Выход в свет 15.10.2026 г.
Тираж 496 экз. Заказ № 1875.

Редакция:
«Редакция республиканских литературных
журналов “Соколёнок”
и “Литературный Дагестан”».

Адрес редакции:
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.
e-mail: litdag@mail.ru, **сайт:** litdag.ru;
tg: litdag; **vk:** litdag

Издатель:
ГБУ РД «Этномедиахолдинг “Дагестан”»

Адрес издателя:
367018, г. Махачкала, пр. Насрутдинова, 1-а.

Аварский язык

Индекс:
на год – ПС796, на полугодие – ПМ999.
Цена свободная.

Отпечатано в ООО «Издательство «Лотос»»,
367018, РД, г. Махачкала, ул. Времена года, 6.